



Sesyon Enfòmasyon pou Paran Elèv Lekòl Mwayen



Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

High-performing A-rated District

AJANDA

- **Enfòmasyon sou SIS**
- **Nòt ak Kanè nan Lekòl Mwayen**
- **Orè Egzamen nan tout Eta Florid**
- **Ankouraje Siksè Elèv**
- **Prezans Konte Anpil**
- **Sipò ak Resous pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs)**
- **Sante Mantal ak Byennèt:**



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Nòt nan Lekòl Mwayen

Ki jan yo kalkile nòt nan klas presegondè?

Yo kalkile yon nòt final pou yon kou Lekòl Mwayen pandan tout ane a lè yo fè mwayèn nòt yo nan chak nan kat peryòd nèf semèn. Yo kalkile yon nòt final pou yon kou lekòl presegondè ki dire yon semès lè yo fè yon mwayèn nòt ki soti nan de peryòd nòt nèf semèn yo. Yo kalkile nòt final la sou yon sistèm 4.0 epi li konvèti nan yon nòt lèt.

A = 3.5, B = 2.5-3.49, C = 1.5-2.49, D = 1.0 -1.49, F = 1.0

Lè yon elèv rive nan yon mwayèn final 1.0 oswa pi wo, yo detèmine nòt final la lè yo awondi ak nimewo antye ki pi pre a epi li konvèti nan A, B, C, oswa D kòm apwopriye. Nòt final kou a se sa ki itilize pou detèmine pwomosyon.



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Nòt ak Kanè nan Lekòl Mwayen

- Elèv yo resevwa nòt chak 3 mwa (4 fwa pa ane)
- Nòt yo baze sou yon sistèm ki gen 4 pwen (A,B,C,D, ak F)
- Moun kapab wè kanè ak enfòmasyon adisyonèl nan pòtay elèv la ak nan (SIS Gateway) pòtay pou Paran.
- Kanè sou papye disponib sou demann paran yo

Peryòd	Distribisyon Kanè
1ye Peryòd 08/12/24 - 10/11/24	21 Oktòb, 2024
2yèm Peryòd 10/15/24 - 12/20/24	14 Janvye 2025
3yèm Peryòd 01/07/25 - 03/21/25	07 vril, 2025
4yèm Peryòd 04/1/25 - 05/30/25	TBD

THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



PWOGRAM EGZAMEN NAN TOUT ETA FLORID LA ORÈ 2024-2025

Evalyasyon Florid sou Fason Elèv Reflechi (*Assessment for Student Thinking*) (*FAST*)

Dat	Nivo Klas ak Sijè
<p>Premye Administrasyon (PM1): 12 Out – 27 Septanm 2024</p> <p>Dezyèm Administrasyon (PM2): 2 Desanm 2024 – 24 Janvyè 2025</p> <p>Twazyèm Administrasyon (PM3): 1Me – 30 Me 2025</p>	<p>Klas 3 - 10 FAST Lektè ELA & Klas 3-8 FAST Matematik</p>



Ankouraje Siksè Elèv

Men kèk aksyon paran kapab antreprann pou fè sèten pitit yo atenn objektif akademik yo:

Kominike ak estaf lekòl la konsènan devwadmezon, devwa, ak pwotokòl sante ak sekirite

Pale ak pitit ou a sou estrateji pou rete an sante ak an sekirite

Ankouraje elèv yo pale sou lekòl, aktivite sosyal, ak enterè yo

Devwa: Fikse atant klè, bay yon kote ak yon lè fiks, epi revize devwa yo regilyèman

Anseye estanda sou sa ki byen ak sa ki mal epi bay yon egzanp

Siveye kote pitit ou yo ale epi ankouraje yo chèche zanmi ki pral itil yo

Familyarize ak pwofesè (yo) epi pataje fòs ak bezwen sosyal, emosyonèl, mantal, fizik ak akademik pitit ou a

Eseye fè yon bagay ki agreyab ak elèv ou omwen yon fwa pa semèn

Pale ak pitit ou sou tabak, dwòg, alkòl, gang, ak vyolans

Lè sa posib, ale nan pwogram lekòl yo epi ankouraje patisipasyon ou nan aktivite ki gen rapò ak lekòl

Aplike règ lakay la avèk kontinyèlman

Siveye chwa pitit ou a nan pwogram televizyon, jwèt videyo ak mizik



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY




Règleman ak Pwosedì sou Prezans

Elèv yo dwe prezan yon minimòm 90% tan lekòl pou yo jwenn yon nòt pasab nan yon **kou nan lekòl mwayen**.

Otorite lekòl la kapab mande verifikasyon medikal pou absans yo.

Elèv yo dwe vin lekòl chak jou nan ane lekòl la jiskaske yo genyen 16 an.



Yo atann pou paran yo avèti lekòl la lè pitit yo absan epi enfòmè lekòl la sou rezon absans lan nan 24 èdtan, alekri oswa oralman.

Elèv ki absan plis pase 10% tan lekòl kapab jwenn yon nòt pasab nan fè yon nòt "D" pou trimès la, epi pase egzamen trimès la ak yon nòt minimòm "D".

Se responsablite elèv la pou fè travay li te rate akòz absans.



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Prezans Konte Anpil

Manke 2 jou lekòl pa mwa depi nan Jadendanfan - jiska klas 12^{yèm} ane
= 108 èdtan pa ane
= 11 mwa
= prèske 1 ane lekòl pèdi

Nan klas 6yèm ane, absans se youn nan twa siy ki endike yon elèv ka abandone lekòl segondè.

Manke 10% nan jou lekòl rann li pi difisil pou aprann li.

Elèv yo kapab fèbak si yo manke sèlman yon jou oswa de jou chak de semèn.

Referans obligatwa pou ekip ki baze nan lekòl la lè yo detèmine gen yon abitud absans.



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Règleman ak Pwosedì sou Prezans

Absans Jistifye

Reta

Absans ki pa Jistifye

Sa ki annapre yo kalifye kòm absans “jistifye:

- ❖ Maladi elèv
- ❖ Randevou medikal
- ❖ Lanmò nan fanmi an
- ❖ Obsèvan yon jou fèt relijye
- ❖ Asiyasyon yon ajans ki fè respekte lalwa oswa prezantasyon obligatwa nan tribinal
- ❖ Elèv ki nan pwomnad
- ❖ Kondisyon metewolojik ekstrèm
- ❖ ❖ Sikonstans ki pa prevwa

- ❖ Lè yon elèv segondè rate senkant pousan (50%) oswa plis nan jounen ansèyman an oswa nan peryòd ansèyman yo akòz li rive anreta , yo dwe konsidere elèv la absan.

- ❖ Yon absans san eskize se nenpòt absans ki pa antre nan youn nan kategori absans ki eskize yo.
- ❖ **Règleman 5.09** mande pou chak lekòl nan distri a detèmine si nenpòt absans oswa reta yo eskize oswa si yo pa eskize selon kritè yo etabli



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



SIS GATEWAY

Sistèm Enfòmasyon sou Elèv la (SIS ann anglè)



REGISTER FOR
SIS
GATEWAY

- GO TO YOUR SCHOOL'S WEBSITE
- SEARCH UNDER THE PARENTS TAB
- CLICK ON **SIS GATEWAY**
- ENTER: STUDENT ID
STUDENT'S BIRTHDATE
PIN (ON LETTER YOU RECEIVED)

QUESTIONS? ...
CONTACT YOUR SCHOOL'S SIS GATEWAY MANAGER

**DOWNLOAD THE
SIS GATEWAY APP**

RECEIVE REAL-TIME NOTIFICATIONS
OF GRADES, ATTENDANCE, UPCOMING
ASSIGNMENTS, TEST SCORES, AND MORE.

Google Play
App Store

- Jwenn orè, devwa, rapò sou evalyasyon, nòt, ak prezans
- Voye imel bay Pwofesè
- Aksè pou elèv yo nan *SIS Gateway* atravè senbòl ki disponib nan platfòm entènèt Distri a pou elèv yo.
- Paran dwe enskri pou genyen yon kont *SIS Gateway* avèk yon adrès imel ki aktif a yon kòd aktivasyon lekòl la bayo
- Nou ankouraje paran yo pou yo revize enfòmasyon an regilyèman pou evite ti pwoblèm akademik pou yo pa vin pi

grav.

Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education







THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Sipò ak Resous pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs)

Yo bay sèvis ki apwopriye pou tout elèv ELL, baze sou konpetans nan langaj chak elèv dapre yon Plan Endividyèl ELL

- Sipò pou lang ki enkli nan leson yo, baze nan lekòl la.
- Kolaborasyon avèk pwofesè ESOL, Fasilitatè Lang Kominotè (CLFs), ak pwofesè klas jeneral yo garanti elèv yo resevwa aranjman ak abiltè yo vize selon Plan ELL yo.
- Lekti ak pratik lang ki baze sou teknoloji anliy.
- Aksè nan Glosè Mo pou Mo.
- Elèv kapab jwenn aksè nan diferan aktivite aprantisaj anba la, ki espesifik ak kontni, sou entènèt lè yo konekte nan pòtay vo.



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Prezans Konte Anpil

REYALIZASYON:

Rete ajou ak leson ,
devwa, tès , egzamen,
epi pase egzamen lekli
ak matematik

APATENANS

Devlope
konpetans
sosyal ki valab
ak bon jan espri
sivik.

LANG ANGLÈ EKSPOZISYON

Pwogrè nan
Akizisyon lang

ENPÒTANS EDIKASYON:

Aprann ale lekòl
vital pou siksè nan
edikasyon.



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Kiyès pou ale wè.....



- **Kòdonatè ESOL** - Enskripsyon, Pwogram ESOL ak plasman, kourikoulòm nan nivo klas
- **Konseye Lekòl** - Pwoblèm akademik, pèsonèl, ak sosyal/emosyonèl; demann pou konferans paran yo
- **Fasilitatè Langaj Kominote** (Community Language Facilitators/CLFs) - Entèpretasyon langaj
- **Sant Dakèy** - Tout kesyon konsènan enskripsyon, plasman elèv, konsiltasyon fizik, vaksen ak resous



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY

Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education





Sipò Sosyo-Emosyonèl

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach plase sekirite elèv avan tout bagay lè n ofri sipò pou konpòtman ak emosyon pou elèv ak fanmi yo pou garanti siksè.

Pwogram yo enkli Sèvis Sante Mantal ak Aprantisaj Sosyo-emosyonèl (SEL ann anglè) kapab ede elèv resevwa sèvis yo bezwen pou yo vin aprenan pou lavi.

Estaf Lekòl nou an ak Distri a antrene nan sante mantal jenn moun pou rekonèt premye siy maladi mantal ak detrès, pou yo genyen yon konvèsasyon onèt avèk yon jenn moun ki bezwen èd.

Rejyon Palm Beach genyen plizyè resous kominotè pou ede ak bezwen Sante Mantal ak Konpòtman:

- Liy Dirèk Èd 211
- Depatman Timoun ak Fanmi Florid (Department of Children and Families)
- Ajans ki genyen Kontra Kowoperatif pou Sante Konpòtman avèk Distri Lekòl la.
- Asosyasyon Sante Mantal Palm Beach County
- Alyans Nasyonal Sou Sante Mantal (National Alliance on Mental Illness)
- Liy Prevansyon Suisid



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

Siy Avètisman Pwoblèm Sosyal ak Emosyonèl

- Evite oswa manke lekòl
- Tristès ki pèsistan - de semèn oswa plis
- Solitè oswa evite entèraksyon sosyal
- Fè tèt ou mal oswa pale sou fè tèt ou mal
- Pale sou lanmò oswa swisid
- Kolè oswa iritasyon ekstrèm
- Konpòtman san kontwòl ki ka danjere
- Chanjman radikal nan atitud, konpòtman oswa pèsonalite
- Chanjman nan abitud manje
- Pèt pwa
- Difikilte pou dòmi
- Maltèt souvan oswa vant fè mal
- Difikilte pou konsantre
- Chanjman nan pèfòmans akademik yo



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY



Arasman ak Aktivite ki Sispèk

Ou Wè yon bagay, Pale!



Entimidasyon:

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se yon sib entimidasyon, abi, move tretman, arasman, menas oswa entimidasyon, rapòte sa yon fason ki anonim:

- Alète pwofesè ak/oswa administrasyon an imedyatman.
- Rele Liy Dirèk Entimidasyon Distri a nan: (561)434-8200
- Konplete Rapò sou Arasman anliy: <https://sites.google.com/palmbeachschools.org/bully>

Aktivite ki sispèk:

- Jwenn aksè nanFortify FL, yon zouti pou rapòte aktivite ki sispèk ki pèmèt ou pase enfòmasyon bay ajan lapolis ki apwopriye ak ofisyèl lekòl yo.
- Bay deskripsyon menas la, pataje foto ak videyo.
- Aksede nan konsèy avan yo, epi soumèt aktyalite yo ak enfòmasyon adisyonèl.



Paske kliyan nou yo enpòtan, sèvi kliyan nou an enpòtan tou!



**CATCH
THE
WAVE**



THE SCHOOL DISTRICT
OF PALM BEACH COUNTY

Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE